

# Yon prensip jesyon Pwosperite



*“Moun ki travay di va vin rich.” Pwovèb 10:4*

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.*

Li difisil pou kwè yon moun t a jwenn yon fraz konsa nan labib ; sa sanble tankou pawòl y ap voye monte. Men Bondye gen dezi beni pitit li « ouvètman. » Nou pa dwe janm doute dezi Bondye ak volonte pou li kontante moun ki swiv chimen li. Li di si nou tand epi swiv chimen li epi genbe lwa ak règleman li, li va simen benediksyon sou nou. Li te di nou va tèlman genyen ke nou pa p kapab jere li. Li va beni chak bon bagay nou va fè, epi li va pote nou anlè, li pa p kite nou dèyè. Li te di tou li va beni nou nan lavil, oswa nan mòn, fanmi nou ak kominote nou (Deteronòm 28). Dezi Bondye se pou l beni nou epi fè nou pwospere, pou l montre lemonn sa vo lapenn swiv chimen l trase. Bondye pa yon patwon ki peng, ki sekwa, ki bay rekonpans ki enjis. Li peye byen lè w obeye Li, lè w devwe pou prensip Li. Li te di si nou swiv lwa Li yo epi discipline tèt nou nan règ jwèt lavi a, nou va genyen. Nou va tankou pye bwa ki plante bò glo, lè sechrès rive fèy yo pa p seche epi nou va pwospere toutjan. (Psalm 1).

Nan pwovèb sa a nou pa dwe li sèlman “moun ki travay di vin rich,” men tou “Seyè a p ap janm kite yon bon moun mouri grangou, menmjan li p ap kite yon mechan rete rich poutoutan.” Parese vin pòv byen vit---moun ki travay di vin rich. Ala yon balans! Gendefwa sa sanble kòm si mechan se yo ki pi pwospè, sepousa nou gen tandans imite yo. Men pwovèb sa a di konsa Seyè a p ap kite mechan rete rich poutoutan. Si nou vin gen richès nan twonpe, bay manti oswa manipilasyon, yo va disparèt byen vit. Bondye konnen lwa Li etabli yo va pote

lavi, libète ak pwosperite. Men yo va pote echèk tou si nou vyole yo. Deside swiv sistèm sa a se chwazi bon lavi.

Gendemoun ki krè larichès se yon move bagay epi lamizè bon, espesyalman pami kwayan relijye yo. Sa se yon manti. Pa genyen ankenn kote nan labib pou jwenn sa se vre. Jezi te kontredi Pyè pou atitid sa a lè li te di, “Pa genyen yon moun ki te kite kay li, oswa frè, sè, papa, manman oswa madanm, pitit oswa tè pa lakòz mwenmenm ak levanjil la, men li va resevwa san (100) fwa kounye a nan tan sa a, kay, frè, sè, manman ak pitit, ak tè epi pèsekisyon; epi nan lemonn k ap vini, lavi etènèl.” (Mak 10:29-30 KJV).

Jezi te di tou “... lespri Seyè a sou mwen, pou mwen pote bon nouvèl bay pòv yo, pote libète bay moun ki nan esklavay, fè avèg vin wè, epi pote delivrans bay moun yo maltrete” (Luk 4:18 KJV). Si moun ki nan esklavay vin lib, avèg vin wè epi moun y ap maltrete vin delivre, alòs bon nouvèl pou pòv yo se va pwosperite, se pa p lamizè.

Gen prensip pasyans ak travay di ki ale men nan lamen ak pwosperite ki dire. Lè nou travay di epi nou swiv prensip Bondye, Li va beni nou epi ranfòse jefò nou fè pou nou avanse. Li va bannou gras ki va genbe epi nourri lespri pozitif nou. Nou va genyen yon dezi ki va grandi nan noumenm ki va dirije nou pou nou reyalize bon objektif—objektif ki va enfluyanse epi afekte lèzòt. Se konsa Bondye fòmè pèp li. Li mete yon vizyon nan yo ki bayo yon dezi ki cho pou yo reyisi. Yo renmen travay paske yo renmen santiman valè yo. Travay di va pote benefis, men pale bon mache epi sa pote lamizè. Lè w travay di epi swiv bon prensip— ou va jwenn rekonpans nan siksè ki va dire paske se konsa Bondye te konsevwa bagay yo.

*Prensip sa a se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè: Fondasyon pou Siksè.*

## Panse pou medite:

Si w pa kwè nan pwosperite, ou pa bezwen pè; ou pa p genyen pou okipe sa.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete